05776NYCS-DS-041

# Kat Prepeye Mastercard® Comerica Bank Kontra pwopriyetè kat la

Comerica Bank ("nou", "nou menm" ak "Bank lan") ap ba ou kondisyon sa yo ("Kondisyon yo") ak kat sa ki ansanm avè l la ki rele kat New York WayGo Card® Mastercard® ("Kat la") paske ou te konkli ak Eta a pou w aksepte pèman ou gen dwa pou resevwa yo sou kat la. Ou pa oblije aksepte kat prepeye sa. Se nou ki fè enpresyon kat la daprè yon lisans entènasyonal Mastercard International Incorporated. Kondisyon sa yo dekri dwa ak obligasyon ou yo pou sa ki konsène kat la. Si ou gen kesyon, si ou swete diskite sou opsyon ou yo oswa si ou pa dakò kondisyon sa yo, ou dwe kontakte ajans ou an oswa biwo lokal ki trete pèman ou yo epi pa aktive kat la. Ou ka detwi l lè w koupe l fè de bout.
OU PAKA ITILIZE KAT SA TOUTOTAN OU PA SELEKSYONE NIMEWO IDANTIFIKASYON PÈSONÈL OU AN (PIN), KI AP AKTIVE KAT LA TOU.
Lè w seleksyone PIN ou an epi lè w aktive Kat la daprè enstriksyon ki vini ak kondisyon sa yo, ou aksepte pou w soumèt ou anba kondisyon sa yo. Itilizasyon kont Kat ou an se yon prèv anplis ki di ou aksepte kondisyon sa yo.

**Pou asire w pou w resevwa yon kat ranplasman avan li ekspire, tanpri kontakte nimewo ki make nan do kat ou an oswa konekte w ak pòtay GoProgram.com nan pou mete adrès ou a ajou. W ap jwenn dat ekspirasyon kat la nan do l.**

1. **Pèman pou ou.** Yo te etabli yon kont Kat ak nou pou finanse pèman ou yo. Nou mete lajan ki disponib pou ou sèlman nan kantite lajan Eta a deziyen, epi w ap kapab jwenn aksè ak lajan sa yo ak Kat ou lè Eta a bay otorizasyon epi yo kontabilize nan kont Kat ou a. Ou pa gen dwa depanse oswa retire plis pase kantite lajan ki afiche sou kont Kat ou a. Ou ka itilize Kat ou a kay komèsan ak bank atravè lemond nenpòt kote ki gen Mastercard® kat yo aksepte. Ou ka resevwa notifikasyon otomatik pa telefòn oswa imèl, lè yo mete yon depo sou kont Kat ou a.

   Lajan Eta a te ban nou pou aplike sou Kat ou a ka retounen nan Eta a si: (a) plizyè jou apre w fin resevwa kat la ou pa rive chwazi yon kòd PIN pou aktive l; (b) si nou pa genyen adrès kòrèk ou kidonk nou pa an mezi pou nou livre w kat ou pa lapòs nòmalman; oswa (c) si yo depoze yon fon sou kat ou a pa erè"

2. **Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (PIN).** Pou w itilize kat ou a nan yon gichè otomatik (Automated teller machine, ATM) epi pou w ka peye pa kat kèk kote tou tankou nan pwen vant yo (point-of-sale, POS) ou dwe itilize PIN ou an. Gen kèk kote k ap mande w pou bay kat idantite w epi pou w siyen yon resi. Gen kèk lòt kote tou ki pa p mande w pou w antre kòd PIN ou oswa pou w siyen.

3. **Tranzaksyon kat yo.** Ou ka itilize Kat la pou w jwenn lajan kach nan ATM ak enstitisyon finansye, epi pou w fè acha nan tèminal pwendevant ak machann, ki patisipe nan rezo Mastercard® la. Lè w sèvi ak Kat la pou kòmanse yon tranzaksyon kay kèk komèsan, tankou otèl, yo ka mete yon retrè sou lajan ki disponib sou Kat la pou yon kantite ki egal oswa ki depase tranzaksyon final ou a.

   Yo p ap fè ou ranbousman lajan kach pou acha nan pwendevant. Si yon komèsan ba ou yon kredi pou retou machandiz oswa ajisteman, li ka fè sa nan trete yon ajisteman kredi, ke nou pral aplike kòm yon kredi sou Kat ou.

   Nou ka refize otorize yon tranzaksyon pa Kat si: (a) li ta depase kantite lajan Eta a te konseye nou mete disponib pou ou itilize; (b) yo rapòte Kat la pèdi oswa yo vòlè li; (c) nou kwè Kat la fo; oswa (d) nou pa sèten si ou otorize tranzaksyon an oswa si lalwa pèmèt li. Nou ka tanporèman "jele" Kat la epi eseye kontakte w si nou remake tranzaksyon ki pa nòmal oswa ki parèt sispèk.

   Pou w pwoteje kont Kat ou a kont aktivite sispèk fwod oswa itilizasyon san otorizasyon, nou ka enpoze tanporèman limit sou kantite dola, kantite, ak kalite tranzaksyon ki fèt ak Kat ou a. Limit Kat sa yo ka gen ladan limit sou nonb ak kantite dola ou ka retire kach nan ATM ak tranzaksyon nan pwendevant yo. Yon operatè ATM ka enpoze plis limit pou retrè ATM ak/oswa frè siplemantè.

   Ou ka pa gendwa itilize Kat la pou fè tranzaksyon ki depase kantite lajan Eta a mete disponib pou ou atravè pwogram sa a. Sa ka rive yo fè depo sou kont Kat ou an pa erè, oswa yo ajoute lajan ki pa pou ou. Ou pa gen otorizasyon pou depanse lajan sa yo paske Eta a pa otorize nou pou rann lajan sa yo disponib atravè Kat la. Nan evènman sa yo, erè sa a pral korije yon fwa yo dekouvri sa epi lajan yo pral ajiste nan kont Kat ou a. Si ajisteman an lakòz balans kont Kat ou an vin negatif, y ap voye yon avi ba ou pou eksplike erè a ak rezon ki fè ajisteman an. Si ou te depanse lajan yo anvan yo idantifye erè a, yo ka dedwi otomatikman kantite lajan ou dwe remèt la nan pwochen pèman sou kont Kat ou a jan sa dekri.nan Seksyon 8 nan dokiman sa a.

   Yo pa dwe itilize Kat ou pou okenn rezon ilegal (pa egzanp, pou fasilite jwèt aza sou Entènèt). Ou dakò pou w pa itilize Kat ou oswa lajan w pou nenpòt tranzaksyon ki ilegal. Nou rezève dwa pou refize tranzaksyon oswa otorizasyon nan men komèsan aparamman angaje nan biznis jwèt aza sou Entènèt la oswa idantifye tèt yo atravè dosye tranzaksyon oswa otreman kòm angaje nan biznis sa a. Ou ka jwenn difikilte tou pou w sèvi ak Kat la nan distribitè otomatik yo ak kyòs yo.

   Ou gen opsyon pou w kòmande yon "Kat Companion" pou jiska 5 lòt sou kont nan kat prensipal ou a. Sa yo ka pou itilizasyon moun k ap bay swen yo, timoun yo, ak lòt depandan yo. Kat konpayon sa yo pral gen privilèj ak restriksyon epi aksè ak sèlman kantite lajan ke moun ki gen kat prensipal la deziyen. Ou ka enskri pou fonksyon sa a sou www.GoProgram.com, konekte nan kont ou epi chwazi "Kat konpayon" nan meni an.

   **APLIKAB POU MÈT KAT la ki ap resevwa benefis Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) sèlman:**

   Lwa Federal entèdi pou w sèvi ak benefis Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) nan kote sa yo:

   - tout magazen oubyen kòmèsan an detay ki vann likè sitou;
   - nenpòt kazino, kazino jwèt aza oswa etablisman jwèt aza; oswa
   - nenpòt etablisman an detay ki ofri amizman pou granmoun kote gen pèfòmans kote atis yo ap dezabiye yo oswa jwe san rad.

   Sèvi ak Kat ou a nan lokal sa yo, sijè a penalite New York. Sa gen ladann retrè nan distribitè otomatik (ATM) ak tranzaksyon acha nan pwendevant yo (POS).

   <u>Pèman pre-otorize.</u> Ou ka sèvi ak Kat ou a pou w fè pèman regilye, pre-otorize kay kòmèsan yo lè w bay yon komèsan enfòmasyon sou Kat ou a. Si pèman sa yo ka varye an kantite, machann ou pral peye a ap di ou, 10 jou anvan chak pèman, ki lè yo ap fè l ak konbyen li ap ye. Ou ka chwazi pou w resevwa avi sa a sèlman lè pèman an ta diferan de plis pase yon sèten montan pa rapò ak pèman anvan an, oswa lè montan an ta depase kèk limit ou te fikse.

   Ou gen dwa sispann yon pèman ki te otorize davans nan kat ou a si ou rele nou nan nimewo ki sou do kat ou a oswa si ou jwenn nimewo a lè w vizite www.GoProgram.com epi chwazi lyen "Kontakte nou" ki nan pati anba paj la oswa ekri nou nan Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997. Nou dwe resevwa demann ou an omwen twa (3) jou nou louvri anvan yo pwograme pèman an pou li fèt. Ou dwe avize benefisyè a tou. (Remak: Si nou pa resevwa demann ou an omwen twa (3) jou nou louvri anvan pèman an pwograme, nou gendwa eseye, nan diskresyon nou, pou sispann pèman an. Sepandan, nou pa asime okenn responsabilite pou echèk nou oswa refi pou fè sa, menm si nou aksepte demann opozisyon ou an pou pèman an). Si ou rele, nou kapab egzije w pou w fè nou jwenn demann ou an pa ekri epi pou ou ba nou yon kopi avi ou an pou benefisyè an, ki revoke otorizasyon benefisyè a pou fè retrè sou Kat ou a, nan delè 14 jou aprè ou fin rele a. Si nou pa resevwa konfimasyon ekri a nan 14 jou yo, nou kapab onore retrè anvan yo sou kat ou an. Pou pèman endividyèl yo, tanpri presize montan egzak la (dola ak santim) viman ou vle kanpe a, dat viman, epiIdantite benefisyè a. Sof si ou mande nou pou nou kanpe tout transfè yo pou yon detisnatè espesifik, nou ka trete lòd pou sispann pèman ou an tankou yon demann ki konsène yon grenn (1) transfè sèlman. Si ou mande nou kanpe youn nan pèman sa yo pou pi piti twa (3) jou nou louvri anvan transfè fon ki prewa a epi nou pa fè l, n ap responsab pèt oswa domaj ou yo.

4. **Sekirite kat la ak kòd PIN lan.** Ou aksepte pou w pa bay oswa mete kat oubyen kòd PIN ou an disponib pou lòt moun. Pou rezon sekirite, ou aksepte pa mete kòd PIN ou an sou kat ou an epi pa mete l menm kote ak kat ou an.

   Sonje, nou pa p janm mande w pou w bay oswa konfime kòd PIN ou an pa telefòn oswa sou sit entènèt nou an. Si ou resevwa yon imèl ki sanble se nou ki voye l oswa si ou wè yon sit entènèt ki genyen non nou, pa reponn ak demann kòd PIN ou an. Si ou sipèk yon fwod, tanpri kontakte nou rapid vit nan nimewo ki nan do kat ou an oswa jwenn nimewo sa sou sit entènèt www.GoProgram.com nou an aprèsa seleksyone lyen "Kontakte nou" ki anba paj la. Kat ou a se pwopriyete nou epi ou dwe remèt nou li lè nou mande l.

5. **Tranzaksyon nan deviz etranje.** Tanpri avèti nou davans sou entansyon w pou w itilize kat la yon lòt kote ki pa Etazini pou nou ka evite tout twoub sèvis ou yo. W ap sèlman rele nimewo ki nan do kat la oswa jwenn li lè w ale sou www.GoProgram.com epi seleksyone "Kontakte nou" ki anba paj la, pou nou kapab aktive fonksyon ki ap pèmèt ou achte nan espas entènasyonal la. Si ou jwenn likid oswa achte nan yon lòt deviz ki pa dola ameriken, Mastercard® International Konvèti montan ki dedwi a nan fon disponib ou yo an dola ameriken. Daprè pwosedi konvèsyon deviz Mastercard® International itilize yo, montan tranzaksyon an nan dola ameriken ap konvèti nan yon montan dola ameriken nan miltipliye montan tranzaksyon an nan deviz ki pa ameriken an pa yon to konvèsyon deviz. To konvèsyon deviz Mastercard® International itilize jeneralman yo, se yon to enpoze pa gouvènman an oswa yon to antye Mastercard® International bay. To sa a ka diferan pa rapò ak to ki elijib nan moman kote tranzaksyon an fèt la oswa lè nou retire l nan fon ki disponib pou ou yo.

6. **Anrejistreman Fon Disponib ak Tranzaksyon ou yo.** Ou ka jwenn yon resi nan moman ou fè yon tranzaksyon nan yon gichè otomatik oswa yon pwendevant (POS) tèminal. Ou ka jwenn enfòmasyon sou fon disponib ou yo ak sou dènye 10 tranzaksyon ou yo lè w rele sèvis kliyantèl la nan nimewo ki nan do kat ou an oswa sou sit entènèt www.GoProgram.com nan. Sou sit entènèt la, ou ka chwazi seleksyone epi enprime istorik tranzaksyon yo pou yon maksimòm 12 mw a pou swivi tranzaksyon ki anrejistre sou kont kat ou an. Montan fon disponib ou yo kapab make tou sou resi ou resevwa lè ou fè yon retrè oswa yon konsiltasyon balans nan kèk ATM.

   Ou gen dwa tou pou w genyen omwen istorik tranzaksyon ki fèt sou kat la pandan kèk mwa, jis rele nou nan nimewo ki nan do kat ou a oswa voye yon lèt ba nou nan Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997. Ou pa p peye pou enfòmasyon sa yo, amwenske w mande l plis pase yon fwa nan yon mwa.

7. **Kat/PIN ki pèdi oswa Vòlè.** Si ou panse kat oswa PIN ou an te pèdi oswa yo vòlè l oubyen yon moun transfere oswa ka transfere lajan fon disponib ou an san pèmisyon w, rele nan nimewo ki nan do kat la oswa ou ka jwenn nimewo a lè w vizite www.GoProgram.com epi seleksyone lyen "Contact Us" la ki anba paj la, oswa ekri nou nan Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997 Ak detay yo.

   Si ou pa wè kote ou mete kat la, ou gen posibilite pou w kanpe l tanporèman pou w ka bloke tout tranzaksyon jiskaske ou jwenn li. Ou senpleman konekte sou GoProgram.com klike sou "Sèvis" epi nan meni deroulan an chwazi "Kanpe Kat la". Sepandan tout tranzaksyon otomatik ki konfigire yo ap toujou fèt. Depi ou fin jwenn kat la w ap senpleman ale menm kote a sou sit entènèt la epi klike sou "Dekanpe Kat la".

8. **Ajisteman balans kont kat ou an.** Genyen moman y ap fè ajisteman sou kont kat ou an pou reflete yon ajisteman komèsan, pou rezoud yon konfli pou pwopriyetè kat la ki konsène yon tranzaksyon ki anrejistre sou kont kat ou an, oswa pou ajiste antre ak depo ki anrejistre pa erè. Ekriti tretman sa yo ka rann ou genyen yon balans negatif sou kont Kat ou an. Nan ka sa, ou aksepte pou ranbouse nou montan tout tranzaksyon (yo) ki depase montan ki otorize a oswa ki rale yon balans negatif sou kont kat ou an, swa pa depo ki pral fèt sou kont kat ou an, oswa chèk pèsonèl oswa manda. Montan pou repeye a ap dedui otomatikman sou kòb yo gen pou yo mete alavni sou kont ou yo. Si pa gen kòb ki mete sou kat ou a, w ap oblije rezoud sa atravè yon peman w ap fè a: Go Program Payment Processing Service, epi voye yon chèk oswa yon lòd peman pa lapòs bay Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997. Sonje ou toujou gen dwa pou w konteste montan ki afiche a.

9. **Si Ta Gen yon Erè oswa Kesyon Ki Konsène Tranzaksyon ou yo.** Si ou panse gen erè pa rapò ak fon disponib lan, rele nou nan nimewo ki nan do kat ou an, ou ka jwenn li tou lè w vizite sit www.GoProgram.com lan epi seleksyone "Contact Us" ki anba paj la, oswa ekri nou nan Customer Account Services, P.O. Box 245997 San Antonio, Texas 78224-5997 imedyatman ou kapab. Nou ka pèmèt ou siyale yon erè jiska 60 Jou aprè premye nan de dat sa yo: dat kote ou gen aksè elektwonik ak kont ou an, si erè a te parèt nan istorik elektwonik ou an, oswa dat kote nou te voye PREMYE istorik ekri kote erè a parèt la. W ap bezwen di nou:

   (1) Non w, adrès, nimewo telefòn ak nimewo Kat la.

   (2) Rezon ki fè ou panse gen yon erè, epi montan ki konsène a.

   (3) Dat ki pwòch dat erè a pase a.

   Si erè a pa ka rezoud pa telefòn, ou dwe enfòme nou pa ekri nan yon delè 10 Jou biwo nan Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997.

   N ap detèmine si yon erè te pase nan 10 jou nou louvri aprè nou fin resevwa mesaj ou an epi n ap korije tout erè yo rapid. Si nou bezwen plis tan, men tou, nou ka pran jiska 45 jou pou mennen ankèt sou plent oswa kesyon ou an. Si nou deside fè sa, n ap kredite kat ou an nan yon delè 10 jou nou louvri yo (20 jou nou louvri pou nouvo kont kat ki louvri depi mwens pase 30 jou) pou montan ou panse ki gen erè a, pou ou ka genyen lajan pandan tan nou mete pou n fini ankèt la. Si nou mande w pou w fòmile plent oswa kesyon w lan pa ekri epi nou pa resevwa l nan delè 10 jou nou louvri, nou p ap ka ba ou kredi sou kat ou a pandan n ap mennen ankèt sou demann ou an. Pou erè ki konsène nouvo kont yo, tranzaksyon nan espas vant yo oswa tranzaksyon ki fèt aletranje, nou kapab pran jiska 90 jou pou mennen ankèt sou plent oswa kesyon ou an.

   N ap ba ou rezilta yo nan twa (3) jou nou louvri aprè nou fini ankèt la. Si nou deside pa gen erè, n ap voye yon esplikasyon ba ou pa ekri. Ou kapab mande kopi dokiman nou itilize nan kad ankèt nou an. Si ou bezwen plis enfòmasyon sou pwosesis pou rezoud erè nou yo, rele nou sou nimewo sèvis kliyantèl la gratis, ki nan do kat ou an.

10. **Responsabilite Ou.** Enfòme nou IMEDYATMAN si ou panse kat oswa kòd PIN ou an te pèdi oswa yo te vòlè l, kòd PIN ou an te konpwomi oswa ou panse yon tranzaksyon te fèt san otorizasyon ou pandan yo itilize enfòmasyon kat ou an. Kontakte nou pa telefòn nan nimewo ki nan do kat la se pi bon mwayen pou minimize pèt ki ka genyen yo. Oswa ekri nou nan Sèvis Kont Kliyan, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997 imedyatman ou kapab. Ou ka pèdi tout kòb ki sou kont Kat ou an.
    Si ou di nou sa na de (2) jou nou louvri, aprè ou fin aprann kat oswa kòd PIN ou an te pèdi ou paka pèdi plis pase $50 si yon moun itilize Kat oswa PIN ou an san pèmisyon w. Si ou pa avèti nou nan de (2) jou nou louvri aprè ou fin aprann ou te pèdi oswa yo vòlè kat oswa PIN ou an, epi nou ka pwouve nou te ka anpeche yon moun itilize kat oswa PIN ou an san pèmisyon ou si ou te di nou sa, ou ka pèdi jiska $500.

    Ou responsab tout itilizasyon otorize kat ou an, eksepte pou sa ki make la yo; Ou pa responsab yon itilizasyon kat ou a ki pa otorize. Yon itilizasyon "ki pa otorize" se yon retrè oswa yon tranzaksyon ou menm oswa yon moun ou te bay otorizasyon pa fè. Nou ka refize ranbouse w pou yon tranzaksyon ou afime ki pa otorize si: (1) ou bay kat ou, nimewo kat ou, ak/oswa PIN ou ak yon lòt moun ou otorize fòmèlman oswa endirèkteman pou itilize Kat ou a, menm si moun sa a retire oswaachte plis pase sa ou otorize a, oswa (2) nou konkli ke reyalite yo pa rezonab pou jistifye yon reklamasyon pou itilizasyon san otorizasyon.

    Epitou, si istorik tranzaksyon ekri yo oswa lòt enfòmasyon sou tranzaksyon Kat ou jwenn nan men nou an montre transfè lajan ou pa t fè, ki gen ladan sa yo te fè ak Kat, PIN oswa lòt fason, di nou sa touswit. Si ou pa di nou sa nan yon delè 60 jou apre nou transmèt oswa otreman mete enfòmasyon sa yo disponib pou ou pa telefòn, istorik tranzaksyon elektwonik yo oswa istorik tranzaksyon ekri yo, ou p ap ka jwenn okenn lajan ou te pèdi apre 60 jou si nou ka pwouve ke nou te ka anpeche yon moun pran lajan an si ou te di nou sa a lè. Si yon bon rezon (tankou yon vwayaj long oswa yon sejou lopital) anpeche w di nou sa, n ap pwolonje peryòd yo.

    N ap anile Kat ou a si yo rapòte nou li pèdi, yo vòlè li oswa detwi li. Yon fwa yo anile Kat ou a, ou p ap gen okenn responsabilite pou lòt tranzaksyon ki enplike itilizasyon Kat ki anile a.

    **Chanjman adrès:** Ou responsab pou w avize New York san pèdi tan sou nenpòt chanjman nan adrès postal, nimewo telefòn ou oswa adrès imel ou.

11. **Responsablite nou.** Si nou pa fè yon transfè lajan elektwonik pou ale oswa soti sou Kat ou a a lè oswa pou kantite lajan kòrèk selon Kondisyon sa yo, nou ka responsab pou pèt oswa domaj ou yo. Sepandan, Gen kèk eksepsyon. Nou p ap responsab, pa egzanp, si:
    - San se pa fòt nou, ou pa gen ase lajan ki disponib sou Kat ou a pou w fè tranzaksyon an;
    - Nou kwè ou pa ka otorize tranzaksyon an;
    - Sikonstans ki pa sou kontwòl nou (tankou dife, inondasyon, domaj dlo, pann kouran, grèv, konfli travay, pann òdinatè, yon pwoblèm nan liy telefòn nan, oswa yon dezas natirèl) anpeche oswa retade transfè lajan an, malgre prekosyon rezonab nou pran;
    - Sistèm nan, ATM oswa tèminal pwendevant yo, pa t ap travay byen epi ou te konnen pwoblèm nan lè ou te kòmanse tranzaksyon an;
    - Eta a pa otorize nou pou mete lajan ki nesesè yo disponib atravè Kat ou a;
    - Lajan ki disponib atravè Kat ou a sijè a pwosesis legal oswa otreman yo pa disponib pou retrè; oswa
    - Tranzaksyon an pa kapab fèt paske Kat ou a andomaje.

12. **Byen yo pa Reklame.** Nan kèk sikonstans, lwa eta a oblije nou abandone balans ki nan kont kote pa gen okenn aktivite pandan yon kantite tan espesifik, tankou depo, retrè, rechèch balans oswa nenpòt lòt kontak Kliyan an pran. Peryòd abandon, ki rele decherans, varye selon eta a. Ou dakò ke nou pa responsab pou okenn pèt ou ka fè akòz konfòmite nou ak lwa sa yo ak bòn fwa.

13. **Limitasyon delè pou rekou a lajistis.** yon aksyon oswa pwosedi ou fè pou w fè aplike yon obligasyon, yon devwa oswa dwa ki soti nan Kondisyon sa yo oswa dapre lalwa konsènan Kat ou an oswa sèvis Kat la dwe kòmanse nan 12 mwaapre nesans kòz aksyon an, sof si lwa aplikab la pa pèmèt limitasyon sa a.

14. **Renonse ak Dwa pou Jijman ak Jiri.** Si w gen yon pwoblèm ak Kat ou an oswa sèvis Kat la, tanpri fè nou konnen touswit lè w rele Sèvis Kliyantèl la nan nimewo ki sou do kat ou a. Nan pifò ka yo, yon apèl telefònik ap rezoud byen vit pwoblèm nan yon fason amikal, enfòmèl. Si yon diskisyon pa ka rezoud de fason enfòmèl, oumenm oswa nou menm ka depoze yon aksyon. Ou menm ak nou chak abandone dwa pou yon jijman devan yon jiri pou rezoud chak litij, reklamasyon, demann, koz aksyon, ak konfli ant oumenm ak nou ki gen rapò ak Kat ou a oswa sèvis sa a. Sa gen ladann, san limitasyon, reklamasyon ou te pote kòm reprezantan yon gwoup nan non lòt moun, ak reklamasyon pa yon reprezantan gwoup sou non ou kòm manm yon gwoup (sa yo rele "aksyon kolektif").

15. **Konfidansyalite.** Nou ka jwenn enfòmasyon pèsonèl prive sou ou (pa egzanp, non w, adrès ou, nimewo telefòn ou, nimewo sekirite sosyal ou ak dat ou fèt) nan men Leta pou nou ka verifye idantite w. Nou pa p pataje enfòmasyon finansye prive nou jwenn sou aktyèl oswa ansyen pwopriyetè yo ak pèsòn moun nan kad pwogram kat sa, eksepte epi jan lwa federal ak nasyonal yo pèmèt sa: pou trete yon tranzaksyon pou demann ou an; bay Leta oswa ajan l ki gen rapò ak kont ki finanse pèman pa kat yo; si li nesesè oswa itil pou fè, jere, oswa fè respekte yon tranzaksyon; pou konfòme ak yon lwa, règleman, yon pwosedi jidisyè oswa yon òdonans tribinal la; otorite lokal, nasyonal ak federal yo, si nou panse gen yon krim ki te fèt ak kat ou a; oswa jan lalwa pèmèt sa. Nou limite aksè ak enfòmasyon pèsonèl prive ou yo pou anplwaye ki bezwen konnen enfòmasyon sa yo pou ba ou pwodwi ak sèvis. Nou pran mezi pwoteksyon fizik, elektwonik ak pwosediral daprè règleman federal yo pou pwoteje enfòmasyon pèsonèl prive ou yo.

16. **Idantite pwopriyetè kat la.** Pou ede gouvènman an lite kont finansman teworis ak aktivite pou blanchiman lajan, lwa federal la egzije pou genyen enfòmasyon idantifikasyon ki konsève pou chak moun ki genyen yon kat.

17. **Jou nou louvri yo.** Nou louvri soti lendi pou rive vandredi, sèlman jou konje federal ameriken yo pa ladan.

18. **Afektasyon.** Ou paka bay lòt moun dwa oswa obligasyon ki gen rapò ak kondisyon sa yo, fon ki disponib pou ou pa mwayen kat ou a, oswa kat la li menm. Nou kapab bay dwa ak obligasyon nou yo ak yon lòt pati san nou pa enfòme w anvan oswa san konsantman w.

19. **Divizibilite/Renonsyasyon.** Si yon règleman nan Kondisyon sa yo jije ilegal, nil oswa non aplikab, y ap fè konsiderasyon pou l pa fè pati Kondisyon sa yo epi li pa p afekte validite ak aplikapsyon lòt règleman yo. Nou ka retade aplikasyon dwa nou yo daprè kondisyon sa yo san nou pa pèdi li. Tout renonsyasyon bò kote nou pa p konsidere pou yon renonsyasyon ak lòt dwa oswa ak menm dwa a, nan yon lòt moman.

20. **Lwa Aplikab.** Kondisyon sa yo fèt epi entèprete daprè lwa federal aplikab la epi ak lwa Eta Michigan yo, san referans ak prensip konfli lwa li yo.

21. **Pwosesis legal.** Nou ka konfòme nou pou chak fwa yo rele nou lajistis, ak tout prelèvman oswa ak tout pwosedi jidisyè, tankou jan lwa federal ak nasyonal yo bay otorizasyon an. Si pati ki entante aksyon an pa ranbouse nou nèt pou frè rechèch nou yo, fotokopi ak tretman dosye yo nou kapab retire frè sa yo sou kat ou a, anplis frè pou pwosedi jidisyè nou yo kise $50. Nou kapab onore yon pwosedi yo pote ban nou pèsonèlman, pa imèl oswa pa telekopi nan youn nan biwo nou yo (men tou nan yon lòt espas ki pa kote fon, dosye oswa byen w ap chèche yo ye a), menm si la lwa egzije yon livrezon pèsonèl nan yon lòt espas.

22. **Modifikasyon kondisyon yo.** Nou ka modifye (ajoute, retire oswa amande) kondisyon sa yo a nenpòt ki moman epi n ap ba ou yon avi preyalab sou modifikasyon an, jan lalwa mande sa.

23. **Anilasyon.** Nou ka kanpe oswa mete fen ak itilizasyon kat ou an, avèk oswa san motif, nan nenpòt ki moman pandan n ap ba ou yon preyavi. Nou ka mete fen imedyatman ak itilizasyon w ap fè ak kat nou an epi sèvis sa, si: ou pa respekte kondisyon yo oswa tout lòt akò ou te genyen ak nou; Leta oswa yon ajan l mande nou sa; nou gen rezon pou nou panse te genyen oswa ka genyen yon itilizasyon ki pa otorize pou fon ki sou kat la, kat ou an, oswa kòd pin ou an; oswa te genyen demann ki kontrè ak fon disponib sou kat ou an. Ou ka sispann itilize kat la ak kondisyon sa yo san rezon a nenpòt ki moman lè w kontakte sèvis kliyantèl la nan nimewo ki nan do kat la, ke ou ka jwenn tou sou www.GoProgram.com.

24. **Finisman pwogram nan.** N ap enfòme w sou tout mezi ou dwe pran nan ka kote pwogram kat prepeye a fini ak Leta. Kont Kat ou an kapab enplike frè pou fèmen kont lan si genyen fon ki rete sou kat ou an aprè pwogram nan fini.

25. **Garanti pa FDIC.** Fon ki asosye ak kat la asire epi garanti pa Sosyete Federal Asirans Depo (Federal Deposit Insurance Corporation) nan limit lalwa prevwa.

26. **Tarif frè yo.** W ap jwenn anba a, yon lis frè ki aplikab pou kat ou an. Frè yo ap soti sou balans kont kat ou an, eksepte si lalwa entèdi l.

## Lis tout frè New York State Child Support - Way2Go Card Prepaid Mastercard yo

| Tout Frè yo | Kantite | Detay yo |
|---|---|---|
| **Kòmanse** | | |
| Acha ak kat la | $0.00 | Pa gen okenn frè pou w peye pou w jwenn yon kont kat. |
| **Itilizasyon pa Mwa** | | |
| Frè Itilizasyon Pa Mwa | $0.00 | Pa gen okenn frè mansyèl ki asosye ak kat sa a. |
| **Depanse lajan** | | |
| Ranbousman nan Pwendevant yo (POS) | $0.00 | Pa gen okenn frè pou w peye pou tranzaksyon ki fèt nan Etazini pou sa w achte nan pwendevant yo lè w itilize siyati w oswa Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (PIN). Yo ka evalye frè yo nan nivo komèsan an. |
| Peye Bòdwo sou Entènèt | $0.00 | Pa gen okenn frè pou w peye pou w itilize sèvis pèman bòdwo a sou sit entènèt nou an, www.GoProgram.com. |
| **Jwenn Lajan Kach** | | |
| Retrè nan ATM (nan rezo a) | $0.00 | Pa gen okenn frè pou retrè ki fèt nan ATM ki nan rezo a ki fèt nan ATM Allpoint ak MoneyPass. kote yo ye. Ou ka jwenn kote distribitè ki nan rezo yo ye nan https://www.allpointnetwork.com/locator.html ak nan moneypass.com/atm-locator.html. Lè w ap itilize kat ou nan yon ATM, maksimòm nan se kantite lajan ki ka retire nan kont Kat ou pou chak jou kalandriye se $500.00. |
| Retrè nan ATM (deyò rezo a) | $1.35 | Sa a se frè pa nou. "Deyò rezo" vle di tout ATM ki pa nan rezo ATM Allpoint ak MoneyPass yo. Rezo. Operatè ATM nan ka fè w peye yon frè tou, menm si ou pa fin fè yon tranzaksyon. Lè w ap itilize Kat ou a nan yon ATM, kantite maksimòm total la ka Montan maksimòm ou ka retire nan kont Kat ou pou chak jou kalandriye se $500.00. |
| Retrè kach avèk asistans yon kesye (OTC) | $0.00 | Ou gen dwa retire lajan san limit nan gichè ki gen kesye yo nan yon Bank ki se Manm Mastercard yo oswa nan gichè koperativ kredi yo. Yo aksepte l nan pifò bank ak koperativ kredi ki aksepte Mastercard. |
| **Enfòmasyon** | | |
| Kontwole balans ATM (nan rezo a oswa deyò rezo a) | $0.00 | Pa gen okenn frè pou w peye pou w kontwole balans ou nan ATM yo |
| Refi ATM (nan rezo a oswa deyò rezo a) | $0.00 | Pa gen okenn frè pou tranzaksyon ki echwe nan nenpòt ATM. |
| Sèvis kliyantèl | $0.00 | Pa gen okenn frè pou w peye lè w rele nimewo sèvis kliyantèl otomatik ki sou do kat ou a. Pa janm gen frè pou w fè transfè pou yon ajan dirèk. |
| **Sèvi ak kat ou deyò peyi Etazini.** | | |
| Retrè entènasyonal nan ATM | $1.35 | Sa a se frè nou yo pral fè w peye pou chak retrè ATM ou fè deyò Etazini. Operatè ATM nan ka fè w peye yon frè tou, menm si ou pa fin fè tranzaksyon. |
| Frè tranzaksyon entènasyonal | 2% | To konvèsyon an se yon frè Mastercard pou chak montan tranzaksyon ki fèt andeyò Etazini. |
| **Lòt** | | |
| Ranplasman kat | $0.00 | Pa janm gen frè pou w ranplase kat ou a. Livrezon estanda nan peyi Etazini 7 a 10 jou kalandriye. |
| Livrezon kat rapid | $18.50 | Si w mande pou yo voye kat ranplasman w lan ba ou an ijan olye w resevwa l pa lapòs nòmalman, w ap peye frè livrezon ijans lan. Livrezon kat an ijans lan ap pran 3 a 5 jou kalandriye Jou. |
| Transfè lajan | $0.00 | Pa gen okenn frè pou transfere lajan ki soti nan kont kat ou an sou yon kont bankè ameriken ou posede. |
| Frè inaktivite | $1.00 | Apre 12 mwa inaktivite youn apre lòt, apre aktivasyon Kat ou a, nou pral evalye frè a nan mwa apre peryòd 12 mwa inaktivite a, epi ak chak mwa inaktivite youn apre lòt, apre sa. Inaktivite defini tankou pa gen okenn depo, acha, apèl otomatik oswa sèvis kliyantèl dirèk la, retrè lajan kach, demann balans nan ATM, oswa transfè fon pou 12 mwa youn apre lòt. Yo p ap chaje frè inaktivite a sou balans kont Kat la rive zewo ($0.00) oswa apre kont kat la kòmanse gen aktivite. |

Fon ou yo elijib pou asirans FDIC epi yo ap kenbe yo oswa transfere yo nan Comerica Bank, yon enstitisyon FDIC asire. Yon fwa l la, FDIC asire fon ou yo jiska $250,000 si Comerica Bank fè fayit, depi yo ranpli tout kondisyon espesifik pou asirans depo yo. Gade fdic.gov/deposit/deposits/prepaid.html pou plis detay.
Pa gen opsyon dekouvè/kredi.
Kontakte Go Program Sèvis Kliyantèl lè w rele 1-844-309-5654, pa lapòs nan P.O. Box 245997, San Antonio, TX 78224-5997 oswa vizite www.GoProgram.com.
Pou w jwenn enfòmasyon jeneral sou kont prepeye, vizite cfpb.gov/prepaid.
Si w gen yon plent konsènan yon kont prepeye, rele Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè a nan 1-855-411-2372 oswa vizite cfpb.gov/complaint.